

# Pwogram Asistans Finansyè

**Lis Sijè yo**

<b>I. Objektif</b> .....	3
<b>II. Definisyon</b> .....	3
<b>III. Dispozisyon Jeneral</b> .....	4
a. Antite k ap Patisipe .....	4
b. Yo defini Pasyan MelroseWakefield Healthcare ki Pa Gen Asirans oswa ki Manke Asirans kòm.....	4
c. Responsablite Pasyan Genyen yo .....	4
d. Asistans Finansyè ak Konsèy MelroseWakefield Healthcare .....	4
<b>IV. Pwogram Rabè Pasyan MelroseWakefield Healthcare</b> .....	5
a. MelroseWakefield Healthcare ofri pwogram rabè pasyan ki vin apre yo .....	5
b. Pwosesis Demann ak Evalyasyon an .....	5
c. Apwobasyon pou Kouvri yon Pasyan .....	6
d. Pasyan ki gen Revni Fèb .....	6
e. Sèvis ki Kouvri.....	6
f. Sa k pa Kouvri .....	6
g. Rabè Pasyan Revni Fèb MelroseWakefield Healthcare .....	6
h. Rabè Difilite Medikal MelroseWakefield Healthcare .....	6
i. Pwogram Rabè pou Pasyan ki Pa Gen Asirans oswa ki Manke Asirans MelroseWakefield Healthcare .....	6
j. Baz pou Kalkile Montan yo Faktire Pasyan .....	7
<b>V. Plan Peman</b> .....	7
<b>VI. Lè yon Pasyan Pa Peye</b> .....	8
<b>VII. Pibliye e Pwopaje FAB a (Pwogram Asistans Finansyè)</b> .....	8
a. Yon moun gendwa jwenn enfòmasyon sou konseye finans MelroseWakefield Healthcare yo, ki ofri konsèy finans ak asistans finansyè, ak enfòmasyon sou pwogram asistans finansyè a sou entènèt nan <a href="http://www.melrosewakefield.org/FAP">www.melrosewakefield.org/FAP</a> .....	8
b. Poste sou Entènèt .....	8
c. Lopital la fè tout moun konnen asistans finansyè disponib dapre pwogram sa a fason sa yo.....	8
<b>VIII. Lòt Dispozisyon</b> .....	9
a. Move Dèt Medicare .....	9
b. Evalyasyon Chak Ka .....	9
<b>IX. Apwobasyon Konsèy la</b> .....	9

## I. Objektif

Melrose Wakefield Healthcare, sa yo rele "Lopital" atravè dokiman sa a, devwe pou yo bay kominote a sèvis swen sante de kalite. Lopital la bay tout pasyan, kèlkeswa kapasite yo genyen pou yo peye, sèvis medikal ki nesèsè. Lopital la pa fè patipri sou baz ras, koulè, peyi kote yon moun soti, sitwayente, stati antanke yon etranje, relijyon, kwayans, sèks, oryantasyon seksyèl, sèks yo di yo genyen, laj, andikap, si yo konn pran dwòg, stati sosyal e ekonomik, lefètke yon moun pa gen asirans, oswa aprans fizik lè y ap founi sèvis. Pou yo ka bay sèvis wo nivo konsa e pou yo soutni bezwen kominote a genyen, MelroseWakefield Healthcare dwe antretni yon bon baz finansyè ki gen ladan l ranmaselajan moun dwe yo.

MelroseWakefield Healthcare rekonèt gen pasyan ki manke mwayen ki gendwa pa gen posiblite pou yo gen asirans ki kouvri tout kalite sèvis. Yo devlope pwogram sa a pou avize pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki manke asirans ki pa gen gwo mwayen yo diferan pwogram asistans finansyè ki gendwa disponib pou yo.

Yo atann pasyan ki gen mwayen yo peye pou sèvis yo jwenn nan MelroseWakefield Healthcare. Pwogram sa a atann pasyan ki ka jwenn asirans ki pa twò chè pou yo fè demann asirans e kenbe l ajou. Pwogram asistans finansyè MelroseWakefield Healthcare genyen yo la sitou pou sèvi pasyan ki pa gen asirans sante, kit se asirans piblik (pa egzanp, Medicare oswa Medicaid), kit se asirans prive (pa egzanp, Blue Cross Blue Shield, Harvard Pilgrim, elatriye), e ki gen yon bezwen ekonomik ki pa konble. Si l ranpli kondisyon yo, rabè MelroseWakefield Healthcare bay yo gendwa disponib pou pasyan ki montre yo gen bezwen ekonomik poutèt yo gen yon revni limite oubyen poutèt bil medikal yo reprezante yon pati derezonab nan revni yo.

## II. Definisyon

*Sèvis Emèjènsi*: sèvis medikal ki nesèsè yo bay yon moun apre yon kondisyon medikal kòmanse, kit se yon kondisyon fizik, kit se yon kondisyon mantal, ki bay senptòm ki ase grav, san wete gwo doulè, kote si moun pa jwenn atansyon medikal tousuit, yon moun nòmal ki pridan ki gen yon konesans mwayèn sou sante ak lamedsin ta ka rezonableman atann sa ka mete sante moun nan oswa sante yon lòt moun an gwo danje, li ka vrèman deranje fonksyonman kò moun nan, oswa li ka gravman deranje kèlkeswa ògàn oubyen pati nan kò l, sa gen ladan l fanm ansent, jan yo dekri sa plis nan 42 U.S.C. § 1395dd(e)(1)(B). Yon egzamen medikal ak nenpòt tretman pou stabilize yon kondisyon medikal emèjènsi, san wete, pami lòt, swen pasyan ki etène, oubyen nenpòt lòt sèvis yo rann selon egzijans ki gen nan Lwa ki rele "Emergency Medical Treatment and Labor Act" (EMTALA) (Lwa Akouchman ak Tretman Medikal Dijans) (42 U.S.C. § 1395(dd)), kalifye kòm Sèvis Emèjènsi.

*Sèvis Dijans*: sèvis medikal ki nesèsè yo bay yon moun apre yon kondisyon medikal kòmanse, kit se yon kondisyon fizik, kit se yon kondisyon mantal, ki vini ak senptòm ki ase grav (san wete gwo doulè) ki fè yon moun nòmal ki pridan ta ka rezonableman kwè si pasyan an pa jwenn atansyon medikal nan 24 èdtan, sa ka mete sante li an danje, sa ka deranje fonksyonman kò l, oswa sa ka deranje kèlkeswa lòt ògàn oubyen pati nan kò l. Yo bay sèvis dijans pou kondisyon ki pa mete vi moun nan an danje e ki pa poze yon gwo risk pou l domaje sante moun nan.

*Sèvis Medikal ki Nesèsè ki Pa Emèjènsi e ki Pa Ljan*: sèvis ki pa ranpli kondisyon yo pou sèvis Emèjènsi oubyen sèvis Dijans, men yo nesèsè nan domèn medikal. Jeneralman, men pa toujou, pasyan an pwograme sèvis sa yo davans.

*Sèvis Medikal ki Pa Nesèsè*: yon pwosedi, yon egzamen, oswa yon sèvis ki pa gen yon efè sou kalite sante pasyans an ni ki pa mande swen emèjènsi oswa swen dijans.

### III. Dispozisyon Jeneral

- a. Antite k ap Patisipe  
Pwogram sa a aplikab anvè sèvis Lopital bay e faktire nan youn nan andwa yo site nan Apendis A- Andwa MelroseWakefield Healthcare yo, Antite k ap Patisipe. Pwogram sa a pa aplikab anvè sèvis antite ki pap patisipe yo rann e faktire, anpalan de antite yo site nan Apendis B- Lis Founisè Asosye Melrose Wakefield Healthcare yo, Antite ki Pap Patisipe, menm nan ka kote yo rann sèvis sa yo anndan Lopital ki nan Apendis A yo.
- b. Yo defini Pasyan MelroseWakefield Healthcare ki Pa Gen Asirans oswa ki Manke Asirans kòm:
  - i. Pasyan ki pa gen asirans sante (“pa gen asirans”);
  - ii. Pasyan ki gen sèlman Massachusetts Health Safety Net kòm “asirans”;
  - iii. Pasyan ki dwe lajan paske yo “epize” byenfè yo ki nan plan asirans yo; oswa
  - iv. Pasyan ki dwe lajan pou sèvis asirans yo detèmine se sèvis yo “pa kouvri” e yo jije se pasyan an ki responsab tout depans yo pou sèvis sa yo. Sa gen ladan l sèvis kote asirans lan refize kouvri yo poutèt limit rezo konpayi asirans lan.
- c. Responsablite Pasyan Genyen yo:
  - i. Pasyan an gen plizyè responsablite pou l ranpli pou l ka kalifye pou asistans Lopital la dapre pwogram sa a. Men kèk ladan yo:
    1. Obligasyon pou yo chèche e antretni asirans, si asirans ki pa twò chè pou yo disponib pou yo;
    2. Obligasyon pou yo fè demann nenpòt pwogram asirans gouvènman an ofri yo gendwa kalifye pou li;
    3. Obligasyon pou depoze atan tout dokiman yo mande sou revni, byen, idantite, ak rezidans, dokiman ki nesèsè pou enskri nan asirans Leta a ak/oswa pou fin fè demann asistans finansyè MelroseWakefield Healthcare a;
    4. Obligasyon pou mete Lopital la okouran enfòmasyon demografik ak enfòmasyon sou asirans; epi
    5. Obligasyon pou peye tout dèt ann amoni ak plan peman tout moun dakò sou li a.
- d. Asistans Finansyè ak Konsèy MelroseWakefield Healthcare:
  - i. Kowòdonatè Asirans yo aktivman egzamine pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki manke asirans ki pwograme sèvis epi yo kowòdone ant pasyan an ak Konseye Finans MelroseWakefield Healthcare yo pou pwograme rankont pou pale sou opsyon asistans finansyè.
  - ii. Depatman MelroseWakefield Healthcare yo refere pasyan nan Konseye Finans yo tou.
  - iii. Konseye Finans yo egzamine si pasyan kalifye pou asirans piblik ak/oswa asirans prive.
    1. MelroseWakefield Healthcare egzamine si pasyan kalifye pou pwogram eta ak pwogram federal. Pou yon pasyan ka kalifye pou rabè selon pwogram sa a, pasyan an gendwa bezwen fè demann diferan pwogram eta ak pwogram federal, san wete, pami lòt, MassHealth ak/oswa Medicare.
    2. Si pasyan an ranpli kondisyon yo pou pwogram piblik, Konseye Finans yo pral ba l konsèy sou pwosesis demann nan e y ap ede pasyan an fè demann lè sa posib.
    3. Si pasyan an pa kalifye pou pwogram piblik (pa egzanp, sou baz Nivo Povrètè Federal la (“FPL”), stati l antanke imigran, elatriye), si yo rejte l nan tout pwogram piblik ki disponib yo, oswa si pwogram piblik la pap konplètman kouvri fakti pasyan yo, Konseye Finans yo pral fè pasyan an konnen ki pwogram prive ki genyen e y ap egzamine si pasyan an kalifye pou Pwogram Rabè Asistans Finansyè MelroseWakefield Healthcare a (Seksyon IV pi ba).

**IV. Pwogram Rabè Pasyan MelroseWakefield Healthcare**

- a. MelroseWakefield Healthcare ofri pwogram rabè pasyan ki vin apre yo:
  - i. Rabè pou Pasyan Revni Fèb, si yo kalifye selon nivo FPL MelroseWakefield Healthcare yo (Seksyon IV(g)).
  - ii. Rabè Difikilte Medikal, si yo kalifye selon nivo MelroseWakefield Healthcare a (Seksyon IV(h)).
  - iii. Rabè pou Pasyan ki Pa Gen Asirans oswa ki Manke Asirans (Seksyon IV(i)).

Yo gendwa aplike rabè ki nan pwogram sa yo anvè tout fakti yon pasyan ki ranpli kondisyon yo selon nivo MelroseWakefield Healthcare yo ki nan Apendis C - Montan rabè asistans finansyè MelroseWakefield Healthcare yo, san ko-peman, dediktib, ak ko-asirans pa ladann, sètadi peman pasyan an fè anplis sa asirans lan peye. Si pasyan an kalifye pou plizyè pwogram rabè, y ap ba li pwogram ki gen plis rabè a.

Yo pap bay rabè sou baz kèlkeswa relasyon pasyan an oswa fanmi l genyen avèk kèlkeswa anplwaye Lopital la oswa manm konsèy administrasyon Lopital la. Yo pap bay yon klinisyen oswa fanmi l rabè senpleman poutèt "koutwazi pwofesyonèl". Yo pap bay yon pasyan rabè jis pou l kapab resevwa sèvis yon fason pou yo ka touche pou sèvis la nan men yon pwogram federal, ni yo pap asosye yon pasyan avèk yon kalite tranzaksyon konsa. Nitou, yo pap ka remèt rabè a pou yo pran lajan kach pou bagay oswa sèvis Lopital la oswa nenpòt lòt antite bay (sa gen ladan l rabè pou ti boutik la, kafeterya a, elatriye).

- b. Pwosesis Demann ak Evalyasyon an
  - i. Yon pasyan dwe ranpli e depoze yon Fòmilè Demann Asistans Finansyè MelroseWakefield Healthcare (Apendis D) ansanm ak lòt dokiman ki nesèsè yo pou yo ka konsidere pasyan an pou asistans. Dokiman ki nesèsè yo gendwa gen ladan yo, pami lòt, prèv pou bagay sa yo: (1) revni ànyèl fanmi an (fich pewòl, dosye peman sekirite sosyal, ansam ak yon lèt nan men anplwayè a, oswa deklarasyon enpo, oswa deklarasyon sou kont bankè), (2) sitwayènte ak idantite, (3) stati antanke imigran pou moun ki pa sitwayen (si aplikab), (4) byen moun nan posede si l gen 65 an oubyen plis, ak (5) enfòmasyon sou asirans, san wete sa byenfè yo kouvri ak limit rezo. Yo dwe depoze tout dokiman yo nan yon limit 30 jou depi yo depoze premye demann nan pou Lopital la ka konsidere demann nan.
  - ii. Yo gendwa depoze demann ki konfidansyèl pou minè ak moun ki sibi abi. Moun konsa dwe kontakte Konseye Finans yo.
  - iii. Melrose Wakefield Healthcare pa teni kont de si yo te deja detèminasyon yon moun kalifye pou asistans finansyè Melrose Wakefield Healthcare lè y ap pran desizyon sou Demann Asistans Finansyè yon pasyan.
  - iv. MelroseWakefield Healthcare gen dwa pou yo reverifye si yon moun kalifye pou rabè chak 6 mwa.
- c. Apwobasyon pou Kouvri yon Pasyan:
  - i. Lopital la pral fè pasyan konnen alekri si l kalifye pou pwogram MelroseWakefield Healthcare. Gade Apendis E- Anons sou Detèminasyon Kalifikasyon pou Pwogram MelroseWakefield Healthcare.
  - ii. Lopital la gen dwa rejte yon demann si yo pa resevwa tout lòt dokiman yo atan.
  - iii. Yo gendwa egzamine apèl yon pasyan fè pou kalifikasyon pou pwogram si pasyan an bay Lopital la nouvo enfòmasyon.
  - iv. Depatman Kont Pasyan an ap responsab pou detèmine si Lopital la fè yon efò rezonab pou detèmine si yon moun kalifye pou asistans finansyè.
- d. Pasyan ki gen Revni Fèb:

- i. Pou rezidan Etazini, dènnye FPL yo pibliye pou total revni fanmi an pral sèvi kòm prensipal kondisyon pou pasyan jwenn rabè yo dekri nan Seksyon IV(g) ak Seksyon IV(h).
  - ii. Moun ki pa rezidan Etazini ansanm ak rezidan Etazini ki ranpli kondisyon ki nan Seksyon III(c) ki nan pwogram sa a men ki pa ranpli kondisyon FPL yo gendwa kalifye pou Rabè pou Pasyan ki Pa Gen Asirans oswa ki Manke Asirans yo dekri nan Seksyon IV(i) pi ba.
  - iii. Tout pasyan ki ranpli kondisyon yo ki nan Seksyon III(c) ki nan dokiman sa a gendwa kalifye pou yon Rabè Difikilte Medikal MelroseWakefield Healthcare yo dekri nan Seksyon IV(h) pi ba.
- e. Sèvis ki Kouvri:
- i. Jeneralman pwogram sa a kouvri sèlman sèvis medikal ki nesèsè MelroseWakefield Healthcare bay e faktire, sa gen ladan yo:
    1. Sèvis Emèjènsi;
    2. Sèvis Dijans; ak
    3. Sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa Ijan.
- f. Sa k pa Kouvri:
- i. MelroseWakefield Healthcare pa bay asistans finansyè pou Sèvis Medikal ki Pa Nesèsè selon desizyon klinisyen k ap fè tretman an. Egzanp sèvis ki pa kalifye pou asistans finansyè nan men Lopital la gen ladan yo, pami lòt: sèvis ki pa medikal (pa egzanp, sèvis sosyal, edikatif, oswa ki gen rapò ak travay, operasyon kosmetik, rechèch, oubyen lòt). Se Lopital la sèlman ki pral decide ki sèvis ki kalifye pou pwogram sa a.
  - ii. Jeneralman MelroseWakefield Healthcare pa bay pasyan rabè pou sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa Ijan kote pasyan an te konnen davans li t ap bezwen swen an e pasyan an te vin nan MelroseWakefield Healthcare depi andeyò zòn sèvis li a pou l resevwa swen tandiske yo ofri sèvis sa yo nan zòn pa pasyan an.
  - iii. Pwogram sa a pa kouvri ko-peman, dediktib, ak peman ko-asirans pasyan an dwe peye.
- g. Rabè Pasyan Revni Fèb MelroseWakefield Healthcare:
- i. Pou rezidan Etazini yo, dènnye FPL yo pibliye yo pou revni total fanmi an pral sèvi kòm prensipal kondisyon. Jeneralman rabè ki baze sèlman sou revni se sèlman pou pasyan kote revni fanmi yo mwens pase 301% FPL la.
  - ii. Pasyan ki ranpli kondisyon sa a ka jwenn yon rabè ki egal ak oubyen ki plis pase Montan Jeneralman Faktire a (AGB) yo dekri nan Seksyon IV(i) pi ba.
  - iii. Se MelroseWakefield Healthcare k ap detèmine si yon moun kalifye pou rabè sa a.
  - iv. Gade Apendis C ak Apendis D pou w jwenn plis detay.
- h. Rabè Difikilte Medikal MelroseWakefield Healthcare:
- i. Pasyan ki pa rive nan nivo FPL yo egzije pou kalifye pou rabè pou pasyan revni fèb MelroseWakefield Healthcare yo gendwa kalifye pou rabè kanmenm si yo ka montre depans medikal yo depase 20% revni fanmi an. Fòk depans yo te fèt pandan 12 mwa ki sot pase yo epi fòk se depans ki kalifye kòm depans medikal selon regleman Internal Revenue Service yo (IRS, Sèvis Revni Entèn).
  - ii. Se MelroseWakefield Healthcare k ap detèmine si yon moun kalifye pou rabè sa a.
  - iii. Gade Apendis C ak Apendis D pou w jwenn plis detay.
- i. Pwogram Rabè pou Pasyan ki Pa Gen Asirans oswa ki Manke Asirans MelroseWakefield Healthcare:
- i. MelroseWakefield Healthcare ofri yon rabè pou pasyan tout nivo revni, kèlkeswa stati yo antanke rezidan, ki ranpli kondisyon yo pou “Pasyan ki Pa Gen Asirans oswa ki Manke Asirans” yo site nan Seksyon III(b) pi wo, ki ranpli responsablite pasyan yo ki nan Seksyon III(c) pi wo, e ki ranpli yon demann asistans finansyè MelroseWakefield Healthcare.

- ii. Tout Pasyan ki Pa Gen Asirans oswa ki Manke Asirans ki ranpli kondisyon pwogram sa a kalifye pou yon rabè jiska 40% pou Sèvis ki Kalifye si Lopital la resevwa peman, oswa si yo dakò sou yon plan peman, nan yon espas 30 jou depi premye fakti a.
  - 1. Pou sèvis ki Pa Emèjènsi e ki Pa Ijan, pasyan an dwe fè tout peman an, oswa yo dwe dakò sou yon plan peman, anvan l resevwa sèvis la. Si depans lan depase sa yo te estime a, pasyan an dwe peye nenpòt montan anplis li dwe a nan yon espas 30 jou fin depi yo ba l premye fakti a.
    - a. Si yon pasyan pa peye fakti anplis yo atan, yo gendwa anile tout akò rabè a e yo gendwa faktire pasyan an tout montan yo alavni.
  - 2. Pou Sèvis Emèjènsi oswa Sèvis Dijans, pasyan an dwe fè peman an, oswa yo dwe dakò sou yon plan peman, nan yon espas 30 jou depi premye fakti a.
- iii. Lè y ap evalye si y ap bay yon rabè selon pwogram sa a, MelroseWakefield Healthcare dwe teni kont de si yon pasyan peye tout lajan l dwe nan moman an.

j. Baz pou Kalkile Montan yo Faktire Pasyan:

- i. Apre yo fin detèmine si yon pasyan kalifye pou pwogram rabè yo dekri nan Seksyon IV(g) oswa Seksyon IV(h) pi wo, Lopital la pap faktire yon pasyan pou sèvis ki kalifye yo plis pase Montan Jeneralman Faktire a (“AGB”).
- ii. Pou MelroseWakefield Healthcare detèmine AGB a, yo divize total peman yo pa total fakti yo pou tout plan komèsyal, plan frè-pou-sèvis (FFS) Medicare yo, ak plan Medicare Managed Care yo antou pou ane fiskal ki sot pase a pou detèmine Faktè Peman sou Kont lan (PAF) pou ane fiskal ki sot pase a. Jeneralman yo fè sa ann oktòb lè ransèyman plan swen sante ki pi presi yo disponib. Minimòm Rabè Pasyan Revni Fèb MelroseWakefield Healthcare a egal ak envès PAF la pou ane fiskal ki sot pase a, ki se AGB a.
- iii. Pou Kalkile AGB  
Fòmil:  $PAF = \text{Total Peman}$   
Total Fakti pou plan komèsyal, plan FFS Medicare, ak Plan Medicare Managed Care  
 $AGB = \text{Envès PAF}$
- iv. Pa egzanp, men yon kalkil AGB:
  - 1. Total Peman pou plan komèsyal, plan FFS Medicare, ak plan Medicare Managed Care: \$431
  - 2. Total Fakti pou plan komèsyal, plan FFS Medicare, ak plan Medicare Managed Care: \$1,000
  - 3. PAF: 43.07%
  - 4. Rabè AGB Pasyan Revni Fèb MelroseWakefield Healthcare: 56.93%
- v. Minimòm rabè pou pasyan revni fèb MelroseWakefield Healthcare yo, ki se AGB a, apati 1 oktòb 2018 se 56.93%. Yo te detèmine sa yo apati dèt moun te peye pou plan komèsyal, plan FFS Medicare, ak plan Medicare Managed Care ant 2 oktòb 2017 ak 30 septanm 2018.

**V. Plan Peman**

Yo ofri tout pasyan plan peman san enterè pou Sèvis ki Kalifye si pasyan an ranpli kondisyon yo detaye nan Seksyon III(c) pi wo a e lè pasyan an mande sa. Y ap pran dènve desizyon sou si y ap aksepte yon plan peman apre yo fin egzamine stati pasyan an ak jan l konn peye deja. Se MelroseWakefield Healthcare ki pral jere tout plan peman pasyan yo. Se yon lòt konpayi ki siveye plan peman yo. Si yo dakò sou yon plan peman, yo atann aske pasyan an konfòme l nèt ak plan an. Si yon pasyan rate 2 peman youn apre lòt, yo mete fen nan plan peman an epi Lopital la gendwa klase kont lan kòm Move Dèt ann amoni ak pwosesis ak pwoteksyon yo detaye nan Politik Kredi ak Resèt Lopital la (ki disponib nan [www.melrosewakefield.org/FAP](http://www.melrosewakefield.org/FAP)). Si yon pasyan fè Lopital la konnen sikonstans ekonomik li chanje, Lopital la gendwa evalye ankò ki peman pasyan an oblije peye.

- a. Pasyan yo klase kòm Pasyan Revni Fèb ak pasyan ki kalifye pou Difikilte Medikal selon pwogram Massachusetts Health Safety Net la (HSN) pa oblije ranpli kondisyon yo ki nan Seksyon III(c) anvan Lopital la ofri yo yon plan peman. Pou pasyan Revni Fèb HSN yo ak pasyan Difikilte Medikal yo ki dwe \$1000 oubyen mwens, plan peman an pral dire omwen 1 an, san enterè, avèk yon peman minimòm ki pa plis pase \$25 chak mwa. Pou pasyan Revni Fèb HSN yo ak pasyan Difikilte Medikal yo ki dwe \$1000 oubyen plis, plan peman an pral dire omwen 2 an, san enterè.

**VI. Lè Yon Pasyan Pa Peye**

Lopital la gen yon lòt Politik Kredi ak Resèt ki abòde aksyon Loptial la gendwa poze nan ka kote pasyan an pa peye e li gen ladan l yon lis kalite pasyan ki gendwa jwenn pwoteksyon selon Lalwa Eta a kont kèlkeswa aksyon yo fè pou ratrape lajan. Anvan l kòmanse poze aksyon pou ratrape lajan selon politik sa a, Lopital la pral fè yon efò rezonab pou ede pasyan an kalifye pou asistans finansyè dapre pwogram sa a lè l fè pasyan an konnen alekri ki pwogram asistans ki disponib e lè l ede l ranpli demann asistans finansyè MelroseWakefield Healthcare a. Politik Kredi ak Resèt Lopital la fasilman disponib pou piblik la sou sit wèb Lopital la nan [www.melrosewakefield.org/FAP](http://www.melrosewakefield.org/FAP).

**VII. Pibliye e Pwopaje FAP a (Pwogram Asistans Finansyè)**

- a. Yon moun gendwa jwenn enfòmasyon sou konseye finans MelroseWakefield Healthcare yo, ki ofri konsèy finans ak asistans finansyè, ak enfòmasyon sou pwogram asistans finansyè a sou entènèt nan [www.melrosewakefield.org/FAP](http://www.melrosewakefield.org/FAP).
  - i. Pou pwograme yon randevou avèk yon Konseye Finans nan telefòn, rele nan: 781-338-7111.
  - ii. W ap jwenn Konseye Finans MelroseWakefield Healthcare yo nan andwa MelroseWakefield Healthcare sa yo:
    - 1. MelroseWakefield Hospital, 1ye Etaj toupre pòt antre Porter Street la, 585 Lebanon Street, Melrose, MA 02176.
    - 2. Lawrence Memorial Hospital, bò kote Depatman Emèjènsi a, 170 Governors Avenue, Medford, MA 02155.
- b. Poste sou Entènèt
  - i. Anplis disponib pa mwayen konseye finans MelroseWakefield Healthcare yo, pwogram asistans finansyè MelroseWakefield Healthcare a, fòmilè demann yo, ak yon rezime nan langaj fasil disponib nan: [www.melrosewakefield.org/FAP](http://www.melrosewakefield.org/FAP).
    - 1. Ou gendwa jwenn sit wèb sa a tou depi sou paj dakèy MelroseWakefield Healthcare la ([www.melrosewakefield.org](http://www.melrosewakefield.org)) lè w klike sou Patients & Visitors, apre sa klike sou Financial Assistance Policy.
    - 2. Sit wèb la gen ladan l fason yon pasyan ka fè demann asistans nan men Lopital la, san wete yon lis andwa kote w ka jwenn konseye finans ak yon nimewo telefòn santral pou pwograme yon randevou ak yon konseye finans. Sit wèb la fè pasyan konnen fòmilè demann yo ak asistans finansyè gratis.
- c. Lopital la fè tout moun konnen asistans finansyè disponib dapre pwogram sa a fason sa yo:
  - i. Yo poste gwo ansèy tout moun ka wè fasil (8 pous pa 14 pous) nan chak pòt antre ak lòt zòn anpil moun pase, san wete depatman emèjènsi a, kowòdonasyon finans, ak sèvis kliyantèl.
  - ii. Yo afiche bwochi yo ekri nan langaj fasil ki fè konnen disponiblite diferan opsyon asistans finansyè MelroseWakefield Healthcare yo nan deptaman emèjènsi a ak nan zòn yo admi pasyan yo.
  - iii. Lopital la mete Rezime FAP nan langaj fasil la disponib pou pasyan yo kòm yon pati nan pwosesis admi e egziyate pasyan an.
  - iv. Yo mete kopi Pwogram Asistans Finansyè Lopital la, fòmilè demann yo, ak rezime nan langaj fasil la disponib gratis pou pasyan si yo mande yon kopi, swa fasafas, swa nan lapòst, e pou nenpòt pasyan ki gen kesyon presi.



- v. Meteryèl yo, san wete pwogram nan, fòmilè demann, ak rezime nan langaj fasil la disponib ann anglè, chinwa, espanyòl, vyetnamyèn, pòtjige, ris, grèk, indi, italyen, kreyòl, ak arab.
- vi. Pèsonèl pwogram kominotè Lopital la save konsènan FAP a e yo gen enstriksyon pou yo enfòmè e avize manm kominote yo gen asistans finansyè disponib nan Melrose Wakefield Healthcare.

**VIII. Lòt Dispozisyon:**

a. Move Dèt Medicare:

- i. Yo gendwa itilize pwogram sa a tou pou verifye si yon pasyan pòv anpil pou kalifye lajan l dwe akòz ko-asirans oswa dediktib pou sèvis Medicare kouvri yo kote Move Dèt Medicare aplikab. Sa k pral detèmine sa se revni aktyèl pasyan an ak kantite byen l posede. Pou l kalifye, yon pasyan dwe gen yon revni ki pi piti pase 201% FPL la ak byen ki vo mwens pase \$10,000 pou premye manm fanmi an, plis yo pèmèt \$3,000 byen pou chak lòt manm fanmi. Lè y ap detèmine byen yon moun genyen, yo pa janm mete ladan l kay prensipal fanmi an oswa machin prensipal yo. Demann asistans finansyè MelroseWakefield Healthcare pasyan an fè a pral sèvi kòm prèv pasyan an pa ka itilize byen l posede pou l peye dèt li dwe a.

b. Evalyasyon Chak Ka:

- i. Nou ankouraje pasyan yo pou yo fè Konseye Finans yo ak biwo Kont Pasyan an konnen sitiyasyon finans patikilye yo genyen yo. Melrose Wakefield Healthcare gendwa bay rabè anplis dispozisyon ki nan pwogram sa a selon chak ka, paske n rekonèt ka gen sitiyasyon ki difisil nan domèn ekonomik ki patikilye.
- ii. Se CFO (Ofisye Finans an Chèf) Lopital la ki pou apwouve rabè yo bay anplis sa ki nan pwogram sa a.

**IX. Apwobasyon Konsèy la**

Konsèy Administrasyon MelroseWakefield Healthcare a te apwouve FAP MelroseWakefield Healthcare a jou ki te 24 janvyè 2019 la.

Apendis A– Andwa MelroseWakefield Healthcare yo, Antite k ap Patisipe

pou yon lis òganizasyon patisipan, gade [www.melrosewakefield.org/FAP](http://www.melrosewakefield.org/FAP)

Apendis B: Lis Asosye MelroseWakefield Healthcare yo, Antite ki Pap Patisipe

Pou yon lis òganizasyon ki pa k'ap patisipe, souple al nan [www.melrosewakefield.org/FAP](http://www.melrosewakefield.org/FAP)

Apendis C: Montan Rabè Asistans Finansyè MelroseWakefield Healthcare yo

<b>Kantite</b>	<b>100% FPL</b>	<b>Jiska 150% FPL</b>	<b>Jiska 300% FPL</b>	<b>Plis Pase 301 % FPL</b>
<b>Manm Fanmi</b>				
<b>1</b>	\$12,492	\$18,744	\$37,476	\$37,477
<b>2</b>	\$16,920	\$25,368	\$50,736	\$50,737
<b>3</b>	\$21,336	\$32,004	\$63,996	\$63,997
<b>4</b>	\$25,752	\$38,628	\$77,256	\$77,257
<b>5</b>	\$30,180	\$45,264	\$90,516	\$90,517
<b>6</b>	\$34,596	\$51,888	\$103,776	\$103,777
<b>7</b>	\$39,012	\$58,524	\$117,036	\$117,037
<b>8</b>	\$43,440	\$65,148	\$130,296	\$130,297
<b>Chak Moun &gt; 8</b>	\$4,428	\$6,636	\$13,260	\$13,261
<b>Rabè</b>		100%	58%	40%
<b>Pousantaj pou Pasyan an Peye</b>		0%	42%	60%

FPL la se Nivo Povrète Federal la. Se Federal Register a ki te bay li an janvyè 2019.

## Fòmilè Demann Asistans Finansyè

Melrose Wakefield Healthcare fyè pou yo bay chak pasyan meyè swen yo kapab ba yo. Melrose Wakefield Healthcare ofri asistans finansyè pa mwayen pwogram asistans finansyè li a pou pasyan ki pa ka peye swen dijans oswa swen medikal ki nesèsè. Asistans finansyè Melrose Wakefield Healthcare a pa fèt pou kouvri swen ki pa emèjènsi ak swen ki pa ijan. Li pa fèt pou bay rabè pou ko-peman asirans, ko-asirans, oswa dediktib, sètadi pati pasyan an dwe peye anplis sa asirans lan peye a.

Yo atann pasyan ki gen mwayen yo peye sèvis yo resevwa nan Melrose Wakefield Healthcare. Sepandan, asistans finansyè disponib pou ou. Nou vrèman ankouraje pasyan fè demann nenpòt pwogram asistans gouvènmantral ki disponib, tankou MassHealth oubyen Health Safety Net, anvan yo fè demann nan pwogram asistans finansyè Melrose Wakefield Healthcare a. Si yon pasyan pa fè demann nan yon pwogram asistans gouvènmantral li gendwa kalifye pou li, sa ka fè demann li an pran reta oubyen yo rejte l. Si w bezwen èd pou w fè demann nan pwogram asistans gouvènmantral, youn nan konseye finans Melrose Wakefield Healthcare yo ka ede w.

Si w kalifye pou yon pwogram asistans finansyè, sa depan de si w ranpli fòmilè demann asistans finansyè sa a yon fason ki konplè e avèk presizyon.

### Enstriksyon pou Fè Demann

Tanpri, ranpli fòmilè demann asistans finansyè a nèt epi ajoute kopi dokiman ki vin apre yo pou chak moun k ap fè dmeann. Si w pa remèt tout dokiman ki nesèsè yo nan yon espas 30 jou, sa pral fè yo rejte demann nan. Tanpri, voye kopi tout dokiman w ap depoze yo paske malerèzman nou pap ka voye yo tounen ba ou.

- Ranpli tout seksyon nan fòmilè a ki aplikab pou ou epi asire w ou siyen deklarasyon ki nan paj 4 la.
- Ajoute yon kopi lisans ou, yon lòt pyès idantite ki gen foto, oswa dokiman ki verifye kote w rezide a nan moman an. Nenpòt dokiman w depoze dwe gen non w ak adrès kote w abite kounye a.
- Ajoute yon kopi kat asirans ou an (yo).
- Ajoute yon prèv revni w:
  - Ajoute yon kopi dènye W2 ou a (yo) oswa fich pewòl (bay 4 si yo peye w chak semèn, bay 2 si yo peye w chak 2 semèn)
  - Si dènyèman te gen yon chanjman nan revni w, ajoute dokiman tankou deklarasyon chomaj, deklarasyon bank/envèstisman, deklarasyon sou swen long tèm, deklarasyon pansyon, ak/oswa deklarasyon sekirite sosyal.
- Si yon pasyan mouri, tanpri, ajoute yon kopi akt desè a ak yon lèt ki pale de stati eritaj li a.

### Konseye Finans:

Pou w jwenn asistans pou w ranpli demann ou an, tanpri, kontakte nou nan **781-338-7111** pou w pwograme yon randevou avèk youn nan konseye finans Melrose Wakefield Healthcare yo. W ap jwenn konseye finans yo nan adrès sa yo: Melrose Wakefield Hospital, 585 Lebanon Street, sou premye etaj la, toupre pòt antre Porter Street la nan Melrose, oswa Lawrence Memorial Hospital, 170 Governors Avenue, toupre depatman emèjènsi a nan Medford.

### Tanpri, Voye Fòmilè Demann ou ki Fin Ranpli a bay:

Melrose Wakefield Healthcare  
Financial Counselors  
170 Governors Avenue  
Medford, MA 02155

<b>Pati I: Ransèyman sou Pasyan an</b>		
Non Pasyan:		
Dat Nesans Pasyan:	SSN (Nimewo Sekirite Sosyal) Pasyan:	Teelfòn:
Adrès Aktyèl:		
Vil:	Eta:	Kòd Zip:
Èske w se yon sitwayen Etazini? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON		
Si se NON, èske w se yon rezidan pèmanan ki rezide legalman Etazini? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON		
<b>Ransèyman sou Moun k ap Ranpli Demann nan (si se pa menm ak Ransèyman sou Pasyan ki pi wo a)</b>		
Moun k ap ranpli demann nan se swa pasyan an swa yon <b>moun ki responsab pasyan an nan domèn ekonomik</b> .		
Non Moun k ap Fè Demann:		
Adrès aktyèl moun k ap fè demann:		
Vil:	Eta:	Kòd Zip:
Telefòn Moun k ap Fè Demann:		
<b>Ransèyman sou Manm Kay Pasyan an</b>		
Site tout manm kay pasyan an, dat nesans yo, ak relasyon yo ak moun k ap fè demann nan. Yon manm kay la se yon moun ki fanmi w ki abite ansanm avè w pou tout ane a kòm yon manm kay la, epi w ka site yo nan deklarasyon enpo w fè.		
<b>Manm Kay 1:</b>		
Dat Nesans:	Relasyon ak Pasyan an:	
<b>Manm Kay 2:</b>		
Dat Nesans:	Relasyon ak Pasyan an:	
<b>Manm Kay 3:</b>		
Dat Nesans:	Relasyon ak Pasyan an:	
<b>Manm Kay 4:</b>		
Dat Nesans:	Relasyon ak Pasyan an:	
<b>Manm Kay 5:</b>		
Dat Nesans:	Relasyon ak Pasyan an:	
<b>Pati 2: Ransèyman sou Asirans Pasyan an</b>		
<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Èske w te depoze yon demann pou Medicaid nan 6 mwa ki sot pase yo?		
<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Èske w gen yon demann Medicaid ki ankou oubyen yo apwouve?		
<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Èske yo te rejte demann Medicaid ou a?		
<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Èske w gen asirans medikal?		
<b>Enfòmasyon sou Asirans Prensipal la:</b>		
Non Asirans:		
Adrès Asirans:		
# Pwogram/ID:	# Gwoup:	
Non Moun ki Enskri a:		
Dat Nesans Moun ki Enskri a:	Relasyon ak Moun ki Enskri a:	
Anplwayè Moun ki Enskri a:	Li Valid Apati ki Dat:	
<b>Enfòmasyon sou Asirans Segondè</b>		
Non Asirans:		
Adrès Asirans:		
# Pwogram/ID:	# Gwoup:	
Moun ki Enskri a:	Dat Nesans Moun ki Enskri a:	
Relasyon ak Moun ki Enskri a:	Anplwayè Moun ki Enskri a:	
Li Valid Apati ki Dat:		

**Pati 3: Revni Fanmi an Chak Mwa ak Byen yo**

Tanpri, ranpli pati sa a konsènan revni ak byen pou pasyan an ak chak manm kay la nou te site nan Seksyon 1 an ki gen yon anplwa. Tanpri, site revni brit, sètadi revni anvan yo retire taks ak lòt lajan yo konn retire regilyèman.

	Pasyan	Manm Kay 1	Manm Kay 2	Manm Kay 3	Manm Kay 4	Manm Kay 5
Revni/Salè/Tèp						
Konpansasyon pou Chomaj						
Sekirite Sosyal						
Pansyon Alimantè pou Timoun Deyò						
Revni pou Travay Endepandan, apre Depans						
Revni akoz Enterè/Dividand						
Pansyon						
IRA (Kont Pansyon Endividyèl)/Aksyon/Obligasyon						
Revni Lokatif						
Peman Fedisi						
Konpansasyon Travayè						
Byenfè Veteran						

**Deklarasyon ki Di Ou Pa Gen Revni**

WI  NON Si revni kay la se zewo, èske gen yon moun k ap soutni w?

Si w reponn wi pi wo a e gen yon lòt moun ki soutni w nan domèn ekonomik, tanpri, fè yo ranpli e siyen deklarasyon ki vin apre a.

Non Pasyan: \_\_\_\_\_, pa gen okenn revni pou kounye a. Mwen soutni l pou kounye a avèk manje, kay, ak rad yo bezwen. Epitou, mwen ba yo èd ekonomik ki rive an mwayèn \$ \_\_\_\_\_ chak mwa.

Siyati Moun ki Bay Sipò a: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**Byen Fanmi an Genyen**

Site enfòmasyon pou nenpòt kont chèk ak kont epay nou genyen pi ba.

Kalite Kont	Bank	Balans apati _____

**Lòt Byen Fanmi an Genyen**

Site enfòmasyon ou gen pou nenpòt nan kalite kont sa yo.

Kalite Kont	Bank	Balans apati _____
Aksyon/Obligasyon		
Sètifika Depo		
Obligasyon Epay Ameriken		
Kont Epay Sante		
Sètifika Epay		
Klèb Nwèl oswa Vakans		
Lòt		

**Pati 4: Difikilte Medikal**

Pati sa a gendwa pa pou w. Tanpri, ranpli pati sa a si w gen gwo bil medikal. Site tout depans pou swen sante ou te fè nan MelroseWakefield Healthcare ak lòt founisè swen sante. Yo gendwa mande w dokiman men l pa nesèsè pou kounye a.

Non Founisè Swen Sante a	Total Depans Medikal	Chak Ki lè w Oblije Fè Depans sa a?		
		<input type="checkbox"/> Chak Semèn	<input type="checkbox"/> Chak Mwa	<input type="checkbox"/> Chak Ane
		<input type="checkbox"/> Chak Semèn	<input type="checkbox"/> Chak Mwa	<input type="checkbox"/> Chak Ane
		<input type="checkbox"/> Chak Semèn	<input type="checkbox"/> Chak Mwa	<input type="checkbox"/> Chak Ane
		<input type="checkbox"/> Chak Semèn	<input type="checkbox"/> Chak Mwa	<input type="checkbox"/> Chak Ane
		<input type="checkbox"/> Chak Semèn	<input type="checkbox"/> Chak Mwa	<input type="checkbox"/> Chak Ane
		<input type="checkbox"/> Chak Semèn	<input type="checkbox"/> Chak Mwa	<input type="checkbox"/> Chak Ane

**Pati 5: DEKLARASYON – TOUT MOUN K AP FÈ DEMANN DWE SIYEN L**

Tout moun k ap fè demann **DWE** siyen deklarasyon ki vin apre a pou yo ka konsidere demann yo a.

Mwen sèman e konfime tout enfòmasyon ki nan fòmilè sa a se laverite, li kòrèk, e li konplè, dapre tout sa m ka fè e konnen e kwè. Mwen dakò pou m fè MelroseWakefield Healthcare konnen nenpòt e tout chanjman ki fèt anrapò ak revni, resous finans, oubyen lòt enfòmasyon ki nan fòmilè sa a ki gendwa afekte kalifikasyon m pou m resevwa asistans finansyè nan MelroseWakefield Healthcare. Mwen konprann yo gendwa gade nivo kredi mwen ak lòt enfòmasyon finansye mwen pou verifiye sa m di yo ak kalifikasyon m pou pwogram nan. Mwen konprann mwen gen 30 jou pou m depoze lòt dokiman ki egzak e ki nesèsè pou yo ka konsidere m pou yon rabè.

Y ap ranvoye fo deklarasyon yon pasyan fè nan objektif pou l jwenn asistans finansyè bay Biwo Avoka Jeneral Massachusetts la. Pasyan ki bay manti nan fòmilè demann Pwogram nan pap kalifye pou Pwogram nan ankò e y ap responsab nenpòt depans ki fèt pandan yo te enskri nan Pwogram nan, depi premye jou depans yo te fèt pandan yo te nan Pwogram nan.

Siyati Moun k ap Fè Demann nan: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**DEKLARASYON – SIYEN SA A SÈLMAN SI KONJWEN W AP FÈ DEMANN**

Si konjwen moun k ap fè demann nan ap fè demann asistans finansyè tou, konjwen moun k ap fè demann nan **DWE** siyen deklarasyon ki vin apre a pou yo ka konsidere demann nan.

Mwen sèman e konfime tout enfòmasyon ki nan fòmilè sa a se laverite, li kòrèk, e li konplè, dapre tout sa m ka fè e konnen e kwè. Mwen dakò pou m fè MelroseWakefield Healthcare konnen nenpòt e tout chanjman ki fèt anrapò ak revni, resous finans, oubyen lòt enfòmasyon ki nan fòmilè sa a ki gendwa afekte kalifikasyon m pou m resevwa asistans finansyè nan MelroseWakefield Healthcare. Mwen konprann yo gendwa gade nivo kredi mwen ak lòt enfòmasyon finansye mwen pou verifiye sa m di yo ak kalifikasyon m pou pwogram nan. Mwen konprann mwen gen 30 jou pou m depoze lòt dokiman ki egzak e ki nesèsè pou yo ka konsidere m pou yon rabè.

Y ap ranvoye fo deklarasyon yon pasyan fè nan objektif pou l jwenn asistans finansyè bay Biwo Avoka Jeneral Massachusetts la. Pasyan ki bay manti nan fòmilè demann Pwogram nan pap kalifye pou Pwogram nan ankò e y ap responsab nenpòt depans ki fèt pandan yo te enskri nan Pwogram nan, depi premye jou depans yo te fèt pandan yo te nan Pwogram nan.

Siyati Konjwen Moun k ap Fè Demann nan: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_



**APENDIS E**

**[Lèt Apwobasyon – Rabè Limite]**

Dat

Non

Ri

Vil, Eta, Kòd Zip

KONSÈNAN: nimewo kont pasyan an (yo): \_\_\_\_\_

Chè \_\_\_\_\_,

Nou te resewva demann ou pou asistans avèk fakti lopital ou yo selon Pwogram Asistans Finansyè Melrose Wakefield Healthcare a. Lè n te fin egzamine demann ou ak lòt dokiman yo, nou te detèmine ou kalifye pou yon rediksyon nan fakti yo.

Fakti lopital ou yo pou sèvis soti \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ pou rive \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ ki fè yon total \$ \_\_\_\_\_ pral redui a \$ \_\_\_\_\_.

Nou pral kontakte w pou n ede w fè aranjman pou w peye rès balans lan. Tanpri, sonje jiskaske w fin peye montan redui a, w ap kontinye resewva fakti. Yonfw a fin fè tout peman yo, y ap ajiste balans lan e y ap konsidere fakti w yo kòm si w fin peye yo nèt. Sonje tou, silvouplè, tout rabè ou jwenn nan pwogram sa a pa aplikab anrapò ak ko-peman, ko-asirans, oswa dediktib, sètadi peman w fè anplis sa asirans lan peye a. Sa vle di montan sa yo pral toujou responsablite pa w pou w peye, selon kondisyon ki nan asirans sante w.

Nou apwouve w pou yon dire 6 mwa. Si w pa dakò ak desizyon an oubyen si w santi w gendwa kalifye pou plis rabè toujou, tanpri, kontakte konseye finans lan nan nimewo ki vin apre a.

Sensèman,

Non

Pozisyon

Nimewo telefòn

**[Lèt Apwobasyon – Rabè 100%]**

Dat

Non

Ri

Vil, Eta, Kòd Zip

KONSÈNAN: nimewo kont pasyan an (yo): \_\_\_\_\_

Chè \_\_\_\_\_,

Nou te resevwa demann ou pou asistans ak fakti lopital ou yo selon Pwogram Asistans Finansyè Melrose Wakefield Healthcare a. Lè n te fin egzamine demann ou ak lòt dokiman yo, nou te detèmine ou kalifye pou w jwenn sèvis san w pa peye anyen ditou.

Fakti lopital yo sèvis soti \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ pou rive \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ ki fè yon total \$ \_\_\_\_\_, pral redui a \$0.

Ou pa dwe resevwa okenn lòt bil nan men nou pou sèvis sa yo.

Nou apwouve w pou yon dire 6 mwa. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri, kontakte konseye finans lan nan nimewo ki vin apre a.

Sensèman,

Non

Pozisyon

Nimewo telefòn

**[Lèt Nouvo Detèminasyon – Soti nan Rabè Limite pou Rive nan Rabè 100%]**

Dat

Non

Ri

Vil, Eta, Kòd Zip

KONSÈNAN: nimewo kont pasyan an (yo): \_\_\_\_\_

Chè \_\_\_\_\_,

N ap ekri w pou n pousuiv premye detèminasyon nou te fè jou ki te \_\_\_/\_\_\_/\_\_. Lè sa a nou te detèmine ou kalifye sèlman pou yon rediksyon nan depans lopital yo selon Pwogram Asistans Finansyè MelroseWakefield Healthcare a.

Piske w te mande n sa, e sou baz nouvo enfòmasyon w te ban nou konsènan revni w ak/oswa fanmi w oubyen sikonstans ou, nou detèmine kounye a ou kalifye pou sèvis lopital san w pa peye anyen ditou. Kidonk, fakti lopital pou sèvis soti \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ pou rive \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ ki fè yon total \$\_\_\_\_\_ pral redui a \$0.

Ou pa dwe resevwa okenn fakti nan men nou pou sèvis sa yo.

Nou apwouve w pou yon dire 6 mwa. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri, kontakte konseye finans lan nan nimewo ki vin apre a.

Sensèman,

Non

Pozisyon

Nimewo telefòn

**[Lèt Nouvo Detèminasyon – Soti nan Pa Kalifye pou rive nan Rabè 100%]**

Dat

Non

Ri

Vil, Eta, Kòd Zip

KONSÈNAN: nimewo kont pasyan an (yo):

Chè \_\_\_\_\_,

N ap ekri w pou n pousuiv premye detèmine nou te fè jou ki te \_\_\_/\_\_\_/\_\_. Lè sa a nou te detèmine ou pa kalifye pou asistans finansyè selon Pwogram Asistans Finansyè MelroseWakefield Healthcare a.

Piske w te mande n sa e sou baz nouvo enfòmasyon w te ban nou sou revni w ak/oswa fanmi w oubyen sikonstans ou, nou detèmine kounye a ou kalifye pou w jwenn sèvis lopital san w pa peye anyen ditou. Kidonk, fakti Lopital yo pou sèvis soti \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ rive \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ ki fè yon total \$\_\_\_\_\_ pral redui a \$0.

Ou pa dwe resevwa okenn fakti nan men nou ankò pou sèvis sa yo.

Nou apwouve w pou yon dire 6 mwa. Si w gen nenpot kesyon, tanpri, rele konseye finans lan nan nimewo ki vin apre a.

Sensèman,

Non

Pozisyon

Nimewo telefòn

**[Lèt Nouvo Detèminasyon – Pa t Kalifye Anvan, Kounye a Rabè Limite]**

Dat

Non

Ri

Vil, Eta, Kòd Zip

KONSÈNAN: nimewo kont pasyan an (yo): \_\_\_\_\_

Chè \_\_\_\_\_,

N ap ekri w pou n pousuiv premye detèminasyon nou te fè ki gen dat \_\_\_/\_\_\_/\_\_. Lè sa a, nou te detèmine ou pa kalifye pou asistans finansyè selon Pwogram Asistans Finansyè Melrose Wakefield Healthcare a.

Piske w te mande n sa, e sou baz nouvo enfòmasyon w te ban nou anrapò ak revni w ak/oswa fanmi w oubyen sikonstans ou, nou detèmine kounye a ou kalifye pou w jwenn yon rabè pou depans lopital ou yo.

Fakti lopital yo pou sèvis soti \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ rive \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_, ki fè yon total \$\_\_\_\_\_, pral redui a \$\_\_\_\_\_.

Nou pral kontakte w pou n ede w fè aranjman pou w peye rès balans lan. Tanpri, sonje jiskaske w fin peye montan redui a, w ap kontinye resevwa fakti. Yonfwa w fin fè tout peman yo, y ap ajiste balans lan e y ap konsidere fakti w yo kòm si w fin peye yo nèt. Sonje tou, silvouplè, tout rabè ou jwenn nan pwogram sa a pa aplikab anrapò ak ko-peman, ko-asirans, oswa dediktib, sètadi peman w fè anplis sa asirans lan peye a. Sa vle di montan sa yo pral toujou responsablite pa w pou w peye, selon kondisyon ki nan asirans sante w.

Nou apwouve pou yon dire 6 mwa. Si w pa dakò ak desizyon an oubyen si w santi w gendwa kalifye pou plis rabè toujou, tanpri, kontakte konseye finans lan nan nimewo ki vin apre a.

Sensèman,

Non

Pozisyon

Nimewo telefòn

**[Lèt Nouvo Detèminasyon – Premye Desizyon an Rete – Limite]**

Dat

Non

Ri

Vil, Eta, Kòd Zip

KONSÈNAN: nimewo kont pasyan an (yo): \_\_\_\_\_

Chè \_\_\_\_\_,

N ap ekri w pou n pousuiv premye detèminasyon nou te fè jou ki te \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ . Lè sa a nou te detèmine ou kalifye sèlman pou yon redikasyon nan depans lopital yo selon Pwogram Asistans Finansyè MelroseWakefield Healthcare a.

Piske w te mande n sa, nou te egzamine e konsidere ankò premye desizyon nou te pran an konsènan demann ou an epi nou detèmine, sou baz tout enfòmasyon ou te ban nou, premye desizyon nou te pran an toujou rete e w ap kontinye kalifye pou yon rabè limite.

Jan n te di sa nan premye lèt detèminasyon an, fakti pou sèvis lopital ki vini \$ \_\_\_\_\_ pou sèvis ki te fèt \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ pou rive \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ rete menm jan an.

Tanpri, voye tout peman an rapidman oubyen rele konseye finans lan nan nimewo ki vin apre a si w bezwen fè yon aranjman peman espesyal.

Si w pa dakò ak desizyon sa a oubyen si w gen nenpòt kesyon, tanpri, kontakte konseye finans lan nan nimewo ki vin apre a.

Sensèman,

Non

Pozisyon

Nimewo telefòn

**[Lèt Nouvo Detèminasyon – Premye Desizyon an Rete – Pa Kalifye]**

Dat

Non

Ri

Vil, Eta, Kòd Zip

KONSÈNAN: nimewo kont pasyan an (yo): \_\_\_\_\_

Chè \_\_\_\_\_,

N ap ekri w pou n pousuiv premye detèminasyon nou te fè jou ki te \_\_\_/\_\_\_/\_\_. Lè sa a, nou te detèmine ou pa kalifye pou asistans selon Pwogram Asistans Finansyè MelroseWakefield Healthcare a.

Piske w te mande n sa, nou te egzamine e konsidere ankò premye desizyon nou te pran anrapò ak demann ou an e nou detèmine, sou baz tout efòmasyon ou te ban nou, premye desizyon nou te pran an rete e ou pa kalifye pou asistans nan pwogram nan.

Tanpri, voye tout peman an rapidman oubyen rele konseye finans nou site pi ba a si w bezwen fè yon aranjman peman espesyal.

Si w pa dakò ak desizyon n pran an oubyen si w gen nenpòt kesyon, tanpri, kontakte konseye finans nou site pi ba a.

Sensèman,

Non

Pozisyon

Nimewo telefòn

**[Lèt Refi – Jeneral]**

Dat

Non

Ri

Vil, Eta, Kòd Zip

KONSÈNAN: nimewo kont pasyan an (yo): \_\_\_\_\_

Chè \_\_\_\_\_,

Mèsi dèske w te fè demann pou asistans finansyè pou fakti lopital ou yo selon Pwogram Asistans Finansyè Melrose Wakefield Healthcare a.

Nou te egzamine demann ou ak lòt dokiman yo epi nou detèmine ou pa kalifye pou rabè selon pwogram nan. Nou te pran desizyon sa a lè n te konpare revni w ak gwochè fanmi w avèk prensip Nivo Povrètè Federal (FPL) yo. Pou n pi presi, nou te wè revni fanmi w pi wo pase sa ki pèmi.

Si w pa dakò ak desizyon sa a oubyen si te gen yon chanjman nan sikonstans ou dènyèman, n ap byen kontan rekonsidere demann ou avèk nouvo enfòmasyon konsènan revni w, gwochè fanmi w, oubyen sikonstans ou. Si w ta renmen nou regade demann ou ankò, tanpri, voye tout dokiman ki enpòtan yo oswa rele konseye finans lan nan nimewo ki vin apre a si w gen kesyon.

Sensèman,

Non

Pozisyon

Nimewo telefòn



**[Lèt Refi – Demann nan Pa Konplè]**

Dat

Non

Ri

Vil, Eta, Kòd Zip

KONSÈNAN: nimewo kont pasyan an (yo): \_\_\_\_\_

Chè \_\_\_\_\_,

Nou te resevwa demann ou, ki te gen dat \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_, pou w jwenn asistans avèk fakti lopital ou yo selon Pwogram Asistans Finansyè Melrose Wakefield Healthcare a.

Jis jounen jodi a, nou pa resevwa dokiman ki nesèsè pou n trete demann nan e pran yon desizyon. Pou rezon sa a, n ap rejte demann asistans lan pou kounye a.

Si w toujou enterese nan asistans finansyè, nou ankouraje w ranpli yon nouvo demann epi voye l ban nou ansanm ak tout dokiman ki nesèsè pou soutni l. N ap byen kontan egzamine l e fè w konnen si w kalifye pou asistans finansyè.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri, kontakte konseye finans nou site pi ba a.

Sensèman,

Non

Pozisyon

Nimewo telefòn

**[Lèt Refi – Sèvis yo Pa Kalifye]**

Dat

Non

Ri

Vil, Eta, Kòd Zip

KONSÈNAN: nimewo kont pasyan an (yo): \_\_\_\_\_

Chè \_\_\_\_\_,

Mèsi pou demann ou te fè \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ pou asistans finansyè avèk fakti lopital ou yo selon Pwogram Asistans Finansyè MelroseWakefield Healthcare a.

Nou regrèt pou n fè w konnen sèvis ou te resevwa yo jou ki te \_\_\_/\_\_\_/\_\_\_ pa kalifye pou asistans finansyè selon pwogram nan.

Tanpri, voye tout peman an rapidman oubyen rele konseye finans nou site pi ba a si w bezwen fè yon aranjman peman espesyal.

Si w pa dakò ak desizyon sa a oubyen si w gen nenpòt kesyon, tanpri, kontakte konseye finans nou site pi ba a.

Sensèman,

Non

Pozisyon

Nimewo telefòn